



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE BIDJÈ POU ANE 2019: REYALIZE PWOMÈS
GOUVÈNMAN PWOGRESIS LAN**

***Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 Lan Ap Pwoteje Kontribiyab yo Kont Atak Federal
Devastatè Washington lan, Envesti nan Klas Mwayèn lan epi Mentni Disiplin
Fiskal Lan Nan Kenbe Kwasans Depans yo Pi Ba Pase 2 Pousan***

***Plan Ki Se Premye Nan Nasyon an pou Konbat Daso Enpo Federal la epi Fèmen
Echapatwa Enterè Ki Pòte a***

***Fè Investisman Entelijan nan Avni New York pou Kreye Travay, Sovgade
Anviwònman an, Pwoteje Sante Kominote nou yo epi
Rekonstwi Enfrastrikti nou yo pou 21èm Syèk lan***

***Kontinye ak Investisman Istorik Eta a nan Edikasyon epi Li Pwoteje Moun New
York yo kont Atak Federal Ki Vize yo sou Swen Sante***

Kaye Enfòmasyon Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale jodi a Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan, ki ap kontinye ak efò eta yo pou reyalize pwomès gouvènman pwogresis lan nan pwoteje kontribiyab yo kont aksyon federal devastatè an, ranfòse klas mwayèn lan, redwi enpo yo epi fè investisman entelijan yo nan avni New York. Pou yon wityèm ane konsekitif, Bidjè a ekilibre epi li kenbe pwogresyon depans lan pi ba pase de pousan.

Kalandriye djanm lan gen ladan yon seri pwopozisyon - soti depi nan konbat daso enpo federal la pou rive nan mete bout nan epidemi opyoyid lan nan kenbe konpayi famasetik yo responsab, pou rive nan investi kantite lajan rekò nan edikasyon - ki pral kontinye ogmante opòtinite pou moun New York yo epi asire ke Empire State kontinye sèvi kòm yon flanbo egalite, inite ak jistis pou nasyon an.

“Pandan ywit ane ki sot pase yo, nou te retabli disiplin fiskal pandan ke n’ap reyalize akonplisman pwogresis istorik yo epi ranfòse moun New York klas mwayèn yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap ajoute sou rekò djanm nou an epi kontinye fè New York vanse devan, nan pwoteje kontribiyab yo kont daso federal la, investi nan edikasyon pou sipòte epi fòme pwochè jenerasyon an, epi mete an aplikasyon politik pwogresis enteresan yo pou kapab fè New York vin yon eta ki pi jis epi ekitab pou tout moun”,

Gouvènè Cuomo te deklare. “Ansanm, nou pral kontinye akonpli pwomès gouvènman pwogres lan - menm lè y’ap konbat defi san presedan yo tèt dwat. Nou pral retabli konfyans sitwayen yo epi asire konpetans nan jesyon. Kalandriye enteresan sa planifye yon wout an annavan pou rive nan yon pi bon avni pou tout moun New York.”

Eleman Esansyèl nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la yo:

- Depans Fon Operasyon Eta yo se 100 milya dola - yon ogmantasyon 1.9 pousan (Fon Operasyon Eta yo pa gen ladan kapital ak fon Federal yo)
- Tout depans Fon yo rive 168.2 milya dola pou ane fiskal 2019 la.
- Pwoteje moun New York yo kont daso enpo federal la
- Fèmèn echapatwa enterè yo pòte a
- Ogmante Asistans Eskolè yo de 769 milyon dola - double limit kwasans Asistans Eskolè legal lan epi pote investisman total la rive 26.4 milya dola
- Bay 7.5 milya dola nan sipò Eta a pou edikasyon siperyè nan New York - yon ogmantasyon 1.4 milya dola oswa 24 pousan depi Ane Fiskal 2012 lan
- Bay 118 milyon dola pou kapab kontinye ak Bous Eksèlèsyò ki reyisi an epi elaji limit revni an rive 110,000 dola
- Etabli yon nouvo sichaj epidemi opyoyid
- Enpoze yon Montan Frè pou Benefis Eksepsyonèl Asirans Swen Sante yo
- Repòte Gwo Kredi Enpo Kòporatif yo
- Kontinye mete an aplikasyon Rediksyon Enpo Klas Mwayèn pou sis milyon moun New York – ki fè fanmi yo ekonomize 250 dola an mwayèn ak 700 dola chak ane lè li fin rantre an vigè totalman.

Kontinye Tandans Responsabilite Fiskal la

Sou Gouvènè Cuomo, finans New York yo te fè yon chanjman drastik. Politik fiskal Gouvènè an yo, ki te mete bout nan epòk gwo kwasans depans ak ogmantasyon enpo yo, mentni nan Bidjè Ane Fiskal 2019 lan. Pou ywityèm ane konsekitif, Bidjè an balanse epi limite kwasans depans yo a de pousan - yon rekò nan restriksyon depans yo ki san parèy nan istwa Eta a.

- **Pwogresyon Depans Eta a Rete Pi Ba Pase 2 Pousan pou yon Wityèm Ane Konsekitif:** Bidjè Egzekitif la kenbe pwogresyon depans anyèl nan Fon pou Fonksyonman Eta yo nan 1.9 pousan.
- **Asire Abòdabilite Dèt yo:** Dèt ekstrayòdinè ki an rapò ak Eta a yo te deklive pandan senk ane konsekitif, Ane Fiskal 2013 pou rive Ane Fiskal 2017. Sa make premye fwa nan istwa modèn nan ke New York te akonpli rezilta sa. Pandan peryòd sen ane a, dèt yo te deklive soti 56.4 milya dola pou rive 50.7 milya dola. Nan fen Ane Fiskal 2018 lan, yo prevwa ke dèt lan ap toujou pi ba ke lè Gouvènè an te rantre an fonksyon.
- **Notasyon Kredi New York la Amelyore:** Kounye a Eta a genyen pi gwo notasyon kredi depi 1972.
- **Rezèv Fon Jeneral yo:** Rezèv yo kounye a nan 2.5 milya dola, ogmante soti 1 milya dola dis ane de sa, ki enkli 500 milyon dola pou jesyon dèt yo.
- **Depans nan Fonksyonman Ajans Eta yo Rete Fiks:** Depi lè Gouvènè a te pran pouvwa, depans pou fonksyonman ajans Egzekitif Eta yo rete pratikman

fiks atravè rekonsepsyon ak efò kontwòl depans k ap kontinye fèt nan ajans eta a yo.

Kenbe New York Kompetitif sou Plan Ekonomik

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan franchi premye etap nan pwoteje moun New York yo kont enpak devastatè daso enpo Federal la, kontinye ak miz an aplikasyon rediksyon enpo pou klas mwayèn lan, fè vanse efò pou kapab amelyore klima biznis New York lan, epi amelyore jistis sistèm fiskal lan.

Pwoteje Moun New York yo kont Daso Enpo Federal la: Lwa sou enpo federal ki te adopte resamman an se yon daso sou New York. Nan dechèpiye dediktibilite enpo lokal ak eta yo, lwa a efektivman ap ogmante enpo revni eta ak lokatif yo pou fanmi klas mwayèn yo de 20 a 25 pousan. Sou Gouvènè Cuomo, New York ap batay an repons kont plan federal la ansanm ak pèt alafwa dediktibilite enpo revni yo ak dediktibilite enpo lokatif yo.

An premye, New York pral defye aplikasyon enpo doub federal san presedan sa nan tribinal pliske li enkonstitisyonèl, paske li vyole dwa eta yo ak prensip pwoteksyon egal yo. An dezyèm, New York pral dirije rezistans nasyon an kont nouvell lwa a, lanse yon efò pou revoke li epi ranplase li: Kanpay “Jistis Enpo pou Tout Moun” (Tax Fairness for All).

An twazyèm, sou òdonans Gouvènè Cuomo, Depatman Fiskalite ak Finans lan ap eksplòre opsyon restriktirasyon yo, epi pibliye yon rapò preliminè pou prezante opsyon pou refòm fiskal Eta a an repons a pwojè lwa Federal lan. Rapò preliminè an prevwa prezante yon seri pwopozisyon pou konsiderasyon ak kòmantè yo, ki enkli potansyèl pou kreye opòtinite adisyonèl pou kontribisyon charitab yo nan Eta New York, posibilite pou redwi enpo revni yo nan chanje enpo revni yo soti nan yon sistèm anplwaye ki peye pou ale nan yon sistèm patwon ki peye, ak opsyon pou ajoute dediktibilite enpo yo atravè yon nouvo enpo biznis ki pa enkòpore atravè eta a, pami lòt opsyon yo.

Pandan ke New York ap lanse entèvansyon masif ak konplike sa, nou pral angaje ekspè nan enpo yo, toulède chanm ki nan palman an, patwon, ansanm ak lòt pati prenan yo nan yon pwosesis minisyè epi kolaboratif pou pwodwi yon pwopozisyon ki ap pwomouvwa jistis pou kontribiyab New York yo, epi sovgade kompetitivite ekonomi New York lan.

Fèmen Echapatwa Enterè yo Pòte a: Malgre pwomès yo okontrè, gouvènman federal la te kite an plas sa yo rele echapatwa “Enterè yo Pòte a”. Pou kapab fèmen echapatwa enterè ki pòte a, Bidjè a trete enterè ki pòte a kòm revni òdinè pou objektif enpo Eta New York yo, epi enpoze yon frè ekitab pou elimine avantaj nan nivo enpo preferansyèl yo ki egziste nan nivo Federal la. Nan objektif pou kapab anpeche New York plase nan yon dezavantaj kompetitif, sa pral rantre an vigè sèlman lè yo adopte pwojè lwa idantik sou plan fonksyonèl lan nan Connecticut, Massachusetts, Pennsylvania ak New Jersey.

Kontinye ak Miz An Aplikasyon Rediksyon Enpo Klas Mwayèn lan: Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. An 2018, ekonomi mwayèn yo pral

totalize 250 dola epi, lè li fin rantre an vigè totalman, sis milyon moun New York pral ekonomi 700 dola chak ane. Yon fwa ke li fin rantre an vigè totalman, nouvo nivo yo pral nan pi ba nivo yo nan plis pase 70 ane - bese soti 6.45 rive 5.5 pousan pou revni ki klase ant 40,000 dola - 150,000 dola ak 6.65 rive 6 pousan pou revni ki klase ant 150,000 dola - 300,000 dola. Nouvo nivo enpo ki pi ba yo pral ekonomize moun New York klas mwayèn yo 4.2 milya dola, chak ane, apati 2025.

Kontinye ak Kredi pou Reparasyon Enpo Lokatif Lokal Eta a: Kredi Enpo Lokatif lan, ki te adopte an 2015, pral bay yon rediksyon mwayèn 380 dola nan enpo lokatif lokal yo bay 2.6 milyon pwopriyetè kay ane sa sèlman. Lè li fin rantre an vigè totalman apati 2019, pwogram lan pral bay yon 1.3 milya dola adisyonèl nan reparasyon enpo lokatif ak yon kredi mwayen 530 dola.

Envesti nan Edikasyon

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan reflète gwo angajman Gouvènè an anvè edikasyon atravè yon ogmantasyon anyèl nan Asistans Eskolè yo de 769 milyon dola — sa ki double limit kwasans Asistans Eskolè legal lan epi ogmante asistans edikatif yo de 35 pousan depi 2012. Bidjè a gen ladan sipò pou divès inisyativ kle, ki enkli sizyèm investisman konsekitif Gouvènè an nan bon jan kalite lekòl anvan matènèl, yon dezyèm faz nan prim Apre Lekòl Empire State yo pou distrik ki gen gwo nesosite yo, transfòmasyon ki ap kontinye pou lekòl ki gen gwo nesosite yo pou vin santral kominotè, pi gwo investisman Eta a depi toutan nan pwogramasyon ak enstwiksyon nan syans enfòmasyon ak enjenyeri yo, ak finansman adisyonèl pou lekòl segondè pou inivèsite antisipe yo.

Elaji Lekòl Kominotè yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan kontinye ak bourad Gouvènè an pou transfòme lekòl ki gen gwo bezwen nan New York yo pou vin lekòl kominotè. Ane sa, Bidjè a ap ogmante kantite lajan ke lekòl kominotè yo mete a kote yo de 50 milyon dola pou rive yon total 200 milyon dola. Finansman sa ki ogmante an vize distrik ki gen lekòl ki ap echwe yo ak/oswa distrik ki ap eksperimente kwasans konsiderab nan elèv ki sanzabri yo oswa moun ki ap aprann lang Anglè yo. An plis, Bidjè a ap ogmante kantite lajan finansman lekòl kominotè minimòm yo soti 10,000 dola pou rive 75,000 dola.

Pwomouvwa pwogram 1,000 Premye Jou Lavi yo: Bidjè an ap sipòte devlopman yon nouvèl inisyativ pou kapab elaji aksè a sèvis yo epi amelyore rezilta sante pou jèn timoun yo ki kouvri pa Medicaid ansanm ak fanmi yo. Etid yo montre ke estrikti bazik sèvo yo devlope nan peryòd 1,000 premye jou lavi yo.

Elaji Aksè a Lekòl Anvan Matènèl yo: Bidjè a gen ladan yon investisman 15 milyon dola adisyonèl nan lekòl anvan matènèl yo pou agrandi bon jan kalite enstwiksyon lekòl anvan matènèl yo ki dire mwaye jounen ak jounen konplè pou 3,000 timoun ki gen laj twa ak kat an ki nan distrik lekòl ki gen gwo bezwen yo.

Kontinye ak Pwogram Apre Lekòl Empire State la (Empire State After School Program): Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap bay 10 milyon dola pou finanse yon dezyèm faz nan prim Apre Lekòl Empire State yo. Finansman sa yo pral bay swen eskolè apre

lekòl a yon 6,250 elèv adisyonèl ki nan kominote ki gen gwo bezwen atravè Eta a. Finansman an pral vize distrik ki gen gwo nivo timoun ki sanzabri yo.

Devlope Lekòl Segondè pou Inivèsite Antisipe yo: Pou kapab ajoute sou reyisit pwogram aktyèl yo, Bidjè a ap garanti yon 9 milyon dola adisyonèl pou kapab kreye 15 nouvo pwogram lekòl segondè pou inivèsite antisipe yo. Ekspansyon sa pral vize kominote ki gen nivo gradyasyon oswa nivo aksè nan inivèsite ki fèb yo, epi li pral aliye ak nouvo lekòl yo ki gen endistri ki gen demann yo tankou teknoloji, jesyon espò ak finans.

Investi nan Lekòl Endepandan yo: Pou reflekte refòm ki te adopte nan Bidjè Ane Fiskal 2018 lan, Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan ap ogmante frè ansèyman pou lekòl endepandan yo an akò ak depans lekòl piblik yo, epi bay lekòl endepandan Vil New York yo yon total ogmantasyon 3 pousan finansman pa elèv. Sa ap pèmèt lekòl endepandan yo kontinye inovè, rekrute bon jan kalite pwofesè ak pèsònèl, epi bay opsyon edikatif ki djanm pou elèv ak fanmi New York yo. An plis, Bidjè a ap ogmante sipò pou nouvo lekòl endepandan ak sa ki ap elaji yo ki sitiye nan espas ki lwe pa sektè prive yo nan Vil New York apati mizajou kalkil asistans pou etablisman lekòl endepandan yo pou kapab reflekte pi byen depans aktyèl yo.

Investi nan Pwogram Eskolè Prive yo: Anviwon 400,000 elèv elemantè ak segondè yo ale nan plis pase 1,600 lekòl prive ki nan Eta New York yo. Bidjè Egzekitif lan ap ogmante asistans lan de 3 pousan pou rive 186 milyon dola pou ranbouse depans pou lekòl prive yo pou aktivite ke Eta a òdone yo. Bidjè an ap kontinye tou ak apwopriasyon 60 milyon dola pou de ane yo, ki te adopte an premye nan Bidjè Fiskal 2017 lan, pou kapab akselere ranbousman pou pwogram Politik Patisipasyon Global lan (Comprehensive Attendance Policy, CAP). An plis, Bidjè a ap kontinye ak yon pwogram ranbousman 5 milyon dola pou enstwiksyon nan syans, teknoloji, enjenyeri ak matematik yo (science, technology, engineering, and math, STEM).

Kreye Pwogram ‘Smart Start’: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kreye pwogram ‘Kòmansman Entelijan (Smart Start)’, epi bay 6 milyon dola pou kapab elaji bon jan kalite edikasyon nan syans enfòmasyon ak enjenyeri. Sibvansyon yo pral sipòte pwofesè yo ak resous ak opòtinite devlopman pwofesyonèl yo, epi yo pral ekspoze pi plis elèv a pwogram eskolè ki valab yo.

Asire Ke Okenn Elèv Pa Rete Grangou: Bidjè Egzekitif lan ap pwopoze pwojè lwa ak finansman adisyonèl pou divès nouvo inisyativ pou bay elèv tout laj yo, tout sitiyan ak kondisyon ekonomik yo, aksè a manje ki bon pou sante ki soti nan sous lokal yo pou abòde pwoblèm grangou timoun yo. Atravè pwogram ‘Okenn Elèv Pa Rete Grangou (No Student Goes Hungry)’ an, Eta a pral entèdi “Wont Dine”, sipòte dejene apre klòch lekòl la sonnen, epi elaji pwogram ‘Soti nan Fèm ale Lekòl’ la, epi ogmante itilizasyon manje ki fre ki soti nan fèm yo ki kiltive onivo lokal nan lekòl yo.

Elaji Aksè a Edikasyon Siperyè

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan ap elaji aksè a edikasyon siperyè apati lansman dezyèm faz nan pwogram Bous Etid Eksèlèsyò a ki se premye nan nasyon an, fè vanse yon plan global pou konbat dèt prè etidyan ki ap eksploze yo, epi adopte Lwa RÈV lan.

Bidjè an gen ladan tou investisman estratejik ki pral asire ke okenn etidyan pa rete grangou sou kanpis inivèsite yo, epi bay moun New York yo zouti ak aptitud ke yo bezwen nan ekonomi 21èm syèk lan.

Investi 7.5 Milya Dola pou Edikasyon Siperyè: Bidjè Egzekitif lan ap bay yon 7.5 milya dola nan sipò Eta a pou edikasyon siperyè nan New York- yon ogmantasyon 1.4 milya dola oswa 24 pousan depi Ane Fiskal 2012 lan.

Ogmante Finansman pou SUNY ak CUNY: Bidjè Egzekitif lan ap bay SUNY ak CUNY plis pase 200 milyon dola nan nouvell resous yo pou sipòte operasyon sistèm inivèsite yo pandan ke y'ap kenbe frè ansèyman previzib ki pa chè yo ki ap asire aksè pou tout moun a yon bon jan kalite edikasyon.

Lanse Dezyèm Faz nan Pwogram Frè Ansèyman Gratis Eksèlisyò a: Pou ane akademik 2018-19 lan, nivo bazik elijibilite revni pou Bous Etid Eksèlisyò a pral ogmante, sa ki ap pèmèt moun New York yo ki gen revni fanmi yo ki rive jiska 110,000 dola yo kalifye. Pou kapab kontinye ak pwogram revolisyonè sa, Bidjè a gen ladan 118 milyon dola pou sipòte yon anviwon 27,000 etidyan ki nan pwogram Eksèlisyò a. Ansanm ak lòt sous asistans pou frè ansèyman yo, ki enkli Pwogram Asistans pou Frè Ansèyman Eta New York lan ki jenere an, Bous Etid Eksèlisyò a pral pèmèt anviwon 53 pousan etidyan nan eta ki nan SUNY ak CUNY a tan konplè yo, oswa plis pase 210,000 abitan New York, pou yo ale nan inivèsite ak frè ansèyman ki gratis lè li fin rantrè an vigè totalman.

Konbat Eksplozyon Dèt Prè Etidyan yo: Gouvènè an pral fè vanse yon plan global pou kapab redwi pi plis dèt etidyan yo ki enkli kreyasyon yon Ombudsman Prè Etidyan nan Depatman Sèvis Finansye a; egzije pou tout inivèsite yo bay elèv yo chak ane kantite lajan anviwon ke yo sipoze pou prè etidyan yo; adopte pwoteksyon revolisyonè yo pou etidyan yo ki enkli asire ke konsiltan dèt ak founisè sèvis prè etidyan yo kapab twonpe yon moun k'ap prete kòb oswa angaje nan nenpòt zak ak pratik predatè, mal aplike peman yo, bay ajans rapò kredi yo enfòmasyon ki pa presi, oswa nenpòt lòt pratik ki kapab andomaje moun k'ap prete kòb lan; epi entèdi sispansyon lisans pwofesyonèl moun yo apre oswa a defo yon prè etidyan.

Adopte Lwa RÈV lan (DREAM Act): Bidjè Egzekitif lan gen ladan pwojè lwa pou kapab lanse Lwa RÈV lan, ki ap ouvri pòt pou edikasyon siperyè pou plizyè moun New York. Lwa RÈV lan pral bay etidyan ki pa gen papyè yo aksè a Pwogram Asistans Frè Eskolè (Tuition Assistance Program), ansanm ak bous etid ke eta jere yo.

Egzije Bank Alimantè sou tout Kanpis SUNY ak CUNY: Kòm yon pati nan Inisyativ Okenn Elèv Ap Rete Grangou Gouvènè an, tout lekòl SUNY ak CUNY yo pral gen egzijans pou yo swa ofri bifè alimantè ki enstale sou kanpis yo, oswa pèmèt elèv yo resevwa manje atravè yon aranjman separe ki san etigma, pou ke tout elèv yo ki sou kanpis yo gen aksè a opsyon manje ki an sante yo.

Investi nan Enfrastrikti Transpò 21èm Syèk yo

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan kontinye ak investisman istorik Eta New York yo nan sistèm transpò Eta a, ki ap amelyore sistèm ray pou vwayaj yo, wout ak pon yo, sa

ki ap ogmante mobilite, epi sipòte kwasans ekonomik. Bidjè an reflekte katriyèm ane nan yon plan kapital transpò pou 59 milya dola, ki ap ranfòse epi elaji rezo Otorite Transpò Metwopolitèn lan (Metropolitan Transportation Authority, MTA), epi amelyore sistèm wout yo, pon yo, etablisman ray ayewopò yo, pò ak sikilasyon yo ki finanse atravè bidjè Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT).

Sipòte Plan Aksyon Metwo MTA a: Nouvèl inisyativ ki pi konsiderab lan nan Bidjè Egzekitif lan se Plan Aksyon Metwo MTA a. Eta a pral bay 254 milyon dola nan asistans operasyon yo pou ka finanse totalman mwatye Plan Aksyon li an ki pral abòde pwoblèm entèripsyon sistèm yo, pàn yo, reta yo ak sèvis kliyantèl ki ap deteryore an, epi pozisyon sistèm lan pou modènizasyon fiti. Plan Finansye an ap asime ke asistans operasyon an pral finanse apati rezolisyon monetè ki pa alwe anvan yo (194 milyon dola), ak transfè revni Enpo Mobilite Rejis Peyaj ki akselere yo pou MTA apati eliminasyon pou genyen yon apwopriasyon anyèl (60 milyon dola). Plan Finansye a gen ladan tou 175 milyon dola nan nouvo finansman kapital la pou MTA a kòm yon pati nan Plan Aksyon an.

Transfere Revni Enpo Mobilite Rejis Peyaj yo Dirèkteman bay MTA a: Eta a aktyèlman ap fè kòlèk epi dekese Enpo Mobilite Rejis Peyaj yo (Payroll Mobility Tax, PMT) bay MTA a. Bidjè Egzekitif lan ap pwopoze amande lwa eta a pou ke yo apwopriye revni an dirèkteman bay Otorite yo. Nan elimine apwopriasyon sa ki pa nesèsè an pa Kò Lejislatif Eta a sa pral benefisye MTA a paske revni PMT a ki angaje pou obligatè yo sou nouvo kredi an pa pral gen danje pou pa gen apwopriasyon, epi MTA a pral resevwa resi PMT yo nan yon fason ki pi rapid.

Sipòte Rekòmandasyon Rapò ‘Rezoud NYC’ an (Fix NYC): Rapò ‘Rezoud NYC’ an, ke yo pral pibliye semèn sa, pral abòde definisyon yon “zòn etablisman pri” jewografik ak enstalasyon teknoloji alantou zòn lan ak etablisman frè ak orè yo. Pou kapab asire ke plan an jis pou moun ak endistri yo, li ap rekòmande opsyon ak pri ki fleksib epi varyab pou orè ki diferan epi pou machin/Uber/Lyft jòn/nwa/vèt yo, kamyon yo, ak machin pasaje yo.

Kontinye Sipòte Plan Kapital MTA a: MTA a ap investi nan yon 29.9 milya dola istorik nan pwogram kapital sikilasyon an, ki enkli 8.6 milya dola nan finansman ki soti nan Eta New York - pi gwo investisman Eta a depi toutan.

Kontinye Sipòte Plan Kapital Transpò a: Investisman 29.2 milya dola san presedan Eta a nan pwogram DOT ak Otorite Thruway yo, ki te adopte ak Bidjè Ane Fiskal 2017 lan, pral asire wout ak pon lokal ak Eta yo ki pi djanm pou ane ki gen pou vini yo.

Elaji Gichè Peyaj San Lajan Kach yo: Bidjè a ap sipòte aplikasyon teknoloji gichè peyaj san lajan kach yo nan pwen koleksyon enpo yo ki sou tout Thruway Eta New York lan apati sous finansman Thruway yo. Inisyativ lan pral amelyore sèvis kliyantèl yo san ogmantasyon enpo pou rive 2020. Gichè peyaj san lajan kach yo te yon pilye nan efò Gouvènè a pou kapab modènize enfrastrikti nou yo atravè tout eta a, epi ak plis otomobilis ki ap itilize sistèm Thruway lan plis ke jamè, gichè peyaj san lajan kach yo reprezante yon etap ki enpòtan anpil nan minimize blokis sikilasyon yo ak rediksyon anbouteyaj yo.

Mentni Angajman Rekò anvè Otowout ak Pon Lokal yo: Yo mentni finansman pou Pwogram Amelyorasyon Otowout Ki Konsolide a (Consolidated Highway Improvement Program, CHIPS) ak pwogram Marchiselli an nan nivo 477.8 milyon dola.

Elaji Operasyon Veyikil Otonòm yo: Elaji pwojè lwa sou Veyikil Otonòm 2017 lan pou ankouraje plis fabrikasyon veyikil otònòm opere nan New York, retire baryè legal yo.

Sipòte Gouvènman Lokal yo

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan ap kontinye ak angajman Gouvènè Cuomo te pran pou redwi enpo lokatif yo, amelyore efikasite gouvènman lokal la, epi asiste gouvènman lokal ki an detès yo pandan ke y'ap kenbe asistans gouvènman lokal ki esansyèl yo.

Devlope Inisyativ Sèvis Pataje yo Toupatou nan Konte a: Gouvènè Cuomo te pran yon angajman istorik nan redwi enpo lokatif lokal yo pou plizyè milyon moun New York. Eta New York pral ajoute sou pwogrè istorik ki te reyalize nan franchi pwochè etap annavan an pou bay gouvènman lokal yo nouvo zouti pou kapab retounen mete lajan nan pòch fanmi klas mwayèn yo. Bidjè a gen ladan 225 milyon dola pou finanse aksyon korespondans ekonomi Eta a ki soti nan sèvis pataje yo ki gen ladan plan ekonomi enpo lokatif yo. Bidjè an tou ap fè panèl sèvis pataje yo toupatou nan konte a vin pèmanan epi korije divès fado biwokratik ki anpeche lokalite yo gen sèvis pataje yo.

Kontinye ak Asistans ak Prim Ankourajman pou Minisipalite yo: Mentni asistans pou gouvènman lokal ki esansyèl yo atravè pwogram AIM lan nan nivo 715 milyon dola nan Ane Fiskal 2019 lan.

Kontinye Òdone Soulajman pou Konte yo: Bidjè a mentni sipò pou priz an chaj depans Medicaid konte an yo apati eliminasyon kwasans ki egzije sou ane pase an. Ekonomi Medicaid lokal yo pral totalize 3.3 milya dola nan Ane Fiskal 2019 lan.

Pwoteje Anviwònman an pou Jenerasyon Fiti yo

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan ap renouvle nivo finansman istorik pou Fon Pwoteksyon Anviwònman la, prezève finansman pou pwogram dlo pwòp 2.5 milya dola san presedan an, epi sipòte plan finansman kapital yo pou etablisman anviwònman ak rekreyatif yo. Finansman ajans Eta ak Otorite piblik yo pral kontinye fè New York rete yon lidè nan ekonomi teknoloji enèji pwòp yo, redwi emisyon gaz ki kontribiye a chanjman klimatik yo, epi pèmèt transfòmasyon sistèm transmisyon kouran elektrik nou an pou vin yon rezo an branch entelijan ki distribye.

Kontinye ak Lwa sou Enfrastruktir Dlo Pwòp la: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kontinye ak investisman istorik 2.5 milya dola sou plizyè ane ke Gouvènè a te fè nan enfrastruktir dlo potab yo ak mezi pwoteksyon sous dlo yo, ki pral ranfòse byennèt ak sante kominote yo.

Renouvle Finansman Rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònman la: Bidjè a kontinye finansman EFP a nan 300 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. Apwopriasyon yo gen ladan 39 milyon dola pou pwogram dechè

solid yo, 86 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 154 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 21 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la.

Fè Vanse Inisyativ NY Parks 2020 an epi Kreye Yon Nuovo Pak Eta: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap fè vanse inisyativ NY Parks 2020 an, ki ap envesti 900 milyon dola nan Pak Eta yo apati 2020, epi alwe 90 milyon dola nan finansman kapital New York Works yo bay Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan Eta New York lan. Kòm yon pati nan Parks 2020, Eta a pral envesti 15 milyon dola pou kapab transfòme ansyen espas dechaj yo ki nan Pennsylvania ak Fountain Avenue pou vin tounen yon Pak Eta ki mezire 165 ekta sou rivaj Jamaica Bay, sa ki ap kreye pi gwo Pak Eta ki nan tout Vil New York lan ak 6 kilomèt wout ak santye.

Fin Konplete Hudson River Park: Bidjè a gen ladan 50 milyon dola nan finansman kapital pou Hudson River Park, ki pral ede akonpli angajman Gouvènè an te pran pou konplete pak lan, an patenarya ak Vil New York.

Sipòte Pwojè Kapital DEC yo atravè NY Works yo: Bidjè a gen ladan 40 milyon dola pou DEC kapab abòde yon varyete nesese kapital pou kapab amelyore aksè a tèren Eta yo, reyamenaje tèren kan yo, epi modènize etablisman rekreatif li yo, tout sa kòm yon pati nan pwogram Adventure NY lan. Finansman sa pral tou bay lajan pou reparasyon sanitè ak sekirite yo nan enfrastrikti Eta yo, ki enkli baraj yo, retablisman tèren ki imid yo, tèren Eta yo, kouvez pou pwason yo.

Metrize epi Trete Kontaminasyon Panach Grumman lan: New York ap fè konstriksyon rapid yon nouvo sistèm pui dènye kri, pou metrize e trete konplètman kontaminasyon panach la, akòz dechè endistriyèl izin U.S. Navy ak Northrop Grumman Bethpage nan Oyster Bay, Konte Nassau. Bidjè Egzekitif lan gen ladan apwopriyasyon ki sifizan pou kapab sipòte depans ki nesese yo nan Ane Fiskal 2019 lan, epi Eta a pral pouswiv ranbousman nan men Kò Naval Amerikèn lan (U.S. Navy) ak Northrop Grumman.

Atake Flè Alg Ki Danjere yo: Apati itilizasyon resous ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la ak Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la, Eta a pral mete sou pye yon inisyativ pou 65 milyon dola pou konbat flè alg ki danjere yo nan kouch dlo Rejyon Nò New York yo. Yo pral itilize resous yo pou devlope plan aksyon ki pou redwi sous polisyon yo ki favorize flè alg yo, epi bay sibvansyon finansman pou kapab reyalize plan aksyon yo, ki enkli enstalasyon nouvel teknoloji siveyans ak tretman yo.

Sipèvizite Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan: Bidjè a ap envesti 20 milyon dola pou kapab lanse premye faz nan amelyorasyon enfrastrikti global ak operasyonèl yo nan Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan.

Elaji Aksè a Pwodui Agrikòl ki Fèt New York: Depi lansman li an 2013, pwogram 'Taste NY' lan te ede 1,100 konpayi lokal rive atenn konsomatè yo atravè mond lan. Pwogram Pwodwi Sètifye ki Kiltive nan New York, depi lè yo te lanse l an 2016, te sètifye plis pase 1,475 fèm, ki reprezante plis pase 259,000 ekta tèren agrikòl. Pou

ajoute sou siksè sa a, Bidjè a kontinye finanse inisyativ ki konekte pwodiktè pwodwi alimantè ak bwason New York yo ak konsomatè yo.

Amelyore Sekirite ak Enspeksyon Pwodwi Alimantè: Bidjè a gen 2.6 milyon dola ladan pou Depatman Agrikilti ak Mache a pou fè patenarya ak Biwo Sèvis Enfòmasyon Teknoloji a pou ofri sistèm enspeksyon pwodwi alimantè modèn depwent pou modènize sekirite pwodwi alimantè yo.

Lanse Inisyativ Estokaj Enèji San Parèy pou Ogmante Transmisyon Enèji Pwòp Renouvelab: Pou amelyore kapasite pou New York estoke enèji renouvelab epi deplwaye lè yo bezwen, Gouvènè Cuomo ap lanse yon inisyativ pou deplwaye 1,500 megawat estokaj enèji avan 2025 epi anplwaye 30,000 Nouyòkè nan endistri sa a.

Pwoteje Sante ak Sekirite Kominote nou yo

Gouvènè Cuomo te pran angaje pou agrandi aksè a bon jan kalite swen sante abòdab pou tout Nouyòkè. Soti depi nan reyelabore Medicaid pou rive nan redwi pri yo epi amelyore swen yo pou akeyi Lwa sou Swen Abòdab lan epi anboche prèske yonn sou senk moun New York sou espas mache eta a, Gouvènè Cuomo te transfòme swen sante nan Eta New York. Ane sa, New York pral kontinye agrandi aksè a bon jan kalite swen sante abòdab toupatou atravè Eta a pandan l ap takle pi gran defi sante kominote nou yo ak konfwonte.

Tabli yon Sichaj Epidemik Opyoyid: Eta New York a, tankou pifò nan peyi a, ap goumen epidemik opiyoyid atwòs. Bidjè Egzekitif la enpoze yon nouvo sichaj 2 santim pa miligram engredyan aktiv opiyoyid sou medikaman preskripsyon yo, epi tout benefis yo prale nan Fon Prevansyon ak Reyabilitasyon Opyoyid la. Nouvo fon sa a pral agrandi prevansyon, tretman, ak sèvis rekiperasyon yo, avèk objektif pou yo redwi lanmò ki gen rapò ak opiyoyid yo a mwaye avan 2021.

Prezève Pwogram Asirans Sante Timoun lan (Children's Health Insurance Program, CHIP): Kongrè a poko pase yon finansman alontèm pou pwogram CHIP la, ki bay sipò Federal pou sipòte Child Health Plus, ki se yon pwogram reyisi ki te bay garanti asirans medikal pou apeprè 350,000 timoun nan Eta New York. Si yo ta pèmèt finansman an kanpe pou pwogram lan anpil nan timoun sa yo ka pèdi garanti asirans sante yo. Bidjè Ane Fiskal 2018 la otorize modifikasyon nan pwogram yo, si nesesè, pou yo ka prezève pwogram CHIP la.

Tabli Fon pou Ensifisans Swen Sante a: Bidjè tabli yon fon pou asire kontinye gen disponibilite ak agrandisman finansman pou bon jan kalite sèvis sante pou rezidan Eta New York la yo epi pou atenye risk ki asosye ak pèt fon Federal yo. Fon an pral inisyaman resevwa fon k ap soti nan nenpòt konvèsyon konpayi asirans yo oswa tranzaksyon similè.

Tabli yon Frè sou Pwofi Mòn Finansyèl Asirans Swen Sante yo: Plan taks Federal la bay konpayi asirans sante yo yon rediskyon 40 pousan sou taks antrepriz yo pandan yo transfere depans swen sante sa yo bay Eta a. An konsekans, Bidjè a enpoze yon sichaj 14 pousan sou benefis konpayi asirans sante yo pou yo ka rekaptè 140 milyon

dola ekonomi taks antrepriz sa yo epi reyenvesti l nan sèvis swen sante vital pou Nouyòkè yo.

Sipòte Travayè Swen Dirèk yo ak Òganizasyon San Bi Likratif yo: Bidjè a gen ladan finansman 262 milyon dola, ki se yon ogmantasyon anyèl 237 milyon dola, pou sipòte 6.5 pousan ogmantasyon salè y ap bay pwofesyonèl swen dirèk yo (3.25 pousan 1e janvyè 2018, ak 3.25 pousan 1e avril 2018) ansanm ak ogmantasyon salè 3.25 pousan ki pwograme pou 1e avril 2018 la pou travayè klinik òganizasyon san bi likratif yo anboche yo k ap bay sèvis sante mantal nan non OPWDD, OMH oswa OASAS.

Kontwole Depans Medicaid yo: Bidjè Egzekitif la reflète kontinyasyon limit depans Medicaid yo te adopte pou Ane Fiskal 2012 la epi li gen ladan finansman ki konfòm ak dispozisyon li yo. Limit la koresponn kwasans ak 10 zan mwayèn mobil Endèks Pri Konsomatè Medikal la (Medical Consumer Price Index) yo (aktyèlman estime a 3.2 pousan).

Konbat Adiksyon: Y ap itilize plis pase 200 milyon dola finansman pou abòde kriz ewoyin ak opyoyid la. Bidjè a gen ladan yon ogmantasyon 26 milyon dola (4.5 pousan) nan sipò ak operasyon kapital pou OASAS kontinye amelyore pwogram prevansyon, tretman ak rekipasyon yo, opòtinite sèvis rezidansyèl yo, ak sansibilizasyon piblik ak aktivite edikasyonèl yo.

Investi nan Sèvis pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral yo: Pou yon senkyèm ane deswit, 120 milyon dola nan finansman adisyonèl pral disponib pou sipòte ogmantasyon sèvis repi yo, pou founi plis opòtinite anplwa ak pwogram lajounen, epi pou ofri sèvis rezidansyèl sètifye ak endepandan adisyonèl.

Amelyore Sèvis Lojman ak Kriz OMH la yo: Pou twazyèm ane konsekutiv, 10 milyon dola nan finansman adisyonèl pral sipòte pwogram rezidansyèl ki la deja yo, pandan finansman adisyonèl la pral sipòte 200 kabàn kominotè nan lojman sipèvize yo ak 50 milyon dola nan finansman kapital yo pral itilize pou agrandi kapasite repi pou reponn a kriz nan kominote a.

Enpoze yon Taks Sante sou Pwodwi a Vapè yo: Bidjè Egzekitif la enpoze yon taks aksiz 10 pousan pa mililit likid sou pwodwi a vapè yo onivo distribitè a, k ap egalize taks tretman pwodwi tabak yo ak pwodwi ekivalan yo itilize nan sigarèt elektwonik yo, epi k ap kontinye objektif Eta genyen pou l redwi itilizasyon pwodwi tabak yo.

Etidye yon Pwogram Marigwana Reglemante: Bidjè a gen ladan finansman pou mennen yon etid an konsiltasyon ak ajans Eta a yo sou yon pwogram marigwana reglemante nan Eta New York la pou detèmine enpak legalizasyon marigwanan nan eta ki ozalantou yo genyen sou sante, enpak ekonomik, ak enpak sou jistis penal ak konsekans pou Eta New York.

Lanse Yon Plan Global Pou Atake Sitiyasyon Sanzabri yo

Gouvènè a pran angajman pou reyalize solisyon inovatris pou abòde plizyè fasèt pwoblèm sanzabri a. An 2016, Gouvènè a te lanse yon plan istorik 20 milya dola

pandan senk ane, pou konbat pwoblèm sanzabri a epi fè vanse konstriksyon lojman abòdab nan Eta New York yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 la ajoute sou inisyativ kouraje sa yo lè l kontinye apwòch global eta pran pou l ogmante aksè a lojman sekirize, pwòp, abòdab epi mete fen a kriz sanzabri a.

Kontinye Inisyativ 20 Milya Dola a pou Sèvis ak Lojman Abòdab ak Lojman pou Sanzabri yo: Bidjè a kontinye sipòte kreyasyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize.

Ogmante Sèvis Sante mantal ak Sèvis Twoub Itilizasyon Sibstans yo pou Moun ki Sanzabri yo: Pou kapab ranfòse sèvisabri pou moun ki sanzabri yo ki ap viv ak maladi mantal yo nanabri sanzabri aktyèl yo, Gouvènè Cuomo pral òdone Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance) an pou yo travay ansanm pou asire ke ekip Tretman Kominotè Asètif yo konekte akabri aktyèl yo, pou ke moun ki gen sante mantal yo kapab aksede a tretman ki nesese yo. An plis, Biwo pou Sèvis Alkolis ak Abi Sibstans (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) yo pral fè sèvis tretman abi sibstans ke konpayon yo delivre sou plas yo pral disponib nan 14abri aktyèl atravè eta a.

Egzije Sansibilizasyon ak yon Plan Sèvis pou Sanzabri Global nan Chak Distrik Sèvis Sosyal Lokal yo: Sityasyon sanzabri an ap ogmante epi sityasyon sanzabri nan lari yo se pwoblèm ki pi difisil pou rezoud. Gouvènè Cuomo pral egzije pou gouvènman lokal yo gen yon pwogram sansibilizasyon ki efikas pou abòde sityasyon sanzabri nan lari yo kòm yon kondisyon pou resevwa finansman eta a pou sèvis sanzabri yo. Li ap òdone pou Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA), Otorite Pòtyè (Port Authority), Centro, Otorite Transpò Distrik Kapital (Capital District Transportation Authority) la, Otorite Transpò Rejyonal Rochester-Genesee ak Otorite Transpò Fwontyè Niagara yo pou fè menm bagay la. Gouvènè a pral òdone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an pou egzije distrik sèvis sosyal yo pou angaje nan aktivite planifikasyon ki an rapò ak sansibilizasyon nan lari yo, aktivite prevansyon pou sanzabri yo, relokasyon rapid, ak establi lojman ki ap kontinye pou moun ki te sanzabri anvan yo. Eta a pral egzije tou pou distrik sèvis sosyal yo angaje ak efò Eta yo ki ap kontinye yo, etabli objektif rezonab ki baze sou enfòmasyon yo, epi ki konsevwa inikman pou nesese kominote li yo, epi pou rapòte regilyèman sou pwogrè ki te fèt yo. Eta a pral bay asistans teknik atravè pwosesis planifikasyon an nan bay gid ki an rapò ak pi bon pratik ak politik yo ki kapab fasilite reyisit.

Fè Vanse Ajanda Fanm yo Kalandriye is Calendar

Soti depi nan nesans mouvman dwa fanm yo nan Seneca Falls pou rive nan adopsyon resan politik Konje Familyal ki Peye ki pi global nan nasyon an, New York kontinye defann dwa fanm yo epi kraze baryè yo kont egalite. Gouvènè Cuomo konnen lè fanm yo reyisi, New York reyisi, epi li te reyalize akonplisman istorik pou fè vanse egalite fanm, ki gen ladan inisyativ Sètase a (Enough is Enough), ki se potilik ki pi agresiv nan peyi a pou konbat agrasyon seksyèl sou kanpis inivèsite yo, yon seri nouvel lwa ki sible atenn ekite salè, lwa sou detounman imen ki pi solid, mezi pou pwoteje viktim vyolans domestik yo epi amelyore aksè a depistaj pou kansè nan tete.

Bidjè Ane Fiskal 2018 la ajoute sou progrè sa a, li fè vanse egalite fanm epi pwoteje dwa fanm yo kont atak federal yo. W ap jwen plis enfòmasyon sou Ajanda Fanm Ane 2018 la disponib [isit la](#).

Konbat Asèlman Seksyèl nan Travay: Bidjè a gen ladan lejislasyon pou anpeche yo itilize fon kontribiyab yo nan akò kont moun ki nan tribinal pou agrasyon oswa asèlman seksyèl yo. Lejislasyon an pral asire tou yo responsabilize moun k ap asele lè yo entèdi yo kenbe konfidansyalite pa rapò a agrasyon oswa asèlman seksyèl, amwenske viktim lan eksprime li pa vle sa, tabli yon inite anndan Komisyon Konjwent sou Etik Piblik la (Joint Commission on Public Ethics) pou resevwa ak envestige plent asèlman seksyèl yo, epi mete yon kòd inifòm an plas pou politik asèlman seksyèl atravè tout branch gouvènman Eta a. Asèlman seksyèl afekte moun ki gen tout sèks, tou ras, laj, ak klas, epi dwe gen zewo tolerans pou asèlman seksyèl nan tout milye travay, ki gen ladan sila yo ki nan gouvènman Eta ak lokal yo.

Retire Tout Zam a fe nan Men Agresè Domestik yo: Bidjè Ane Fiskal 2018 la gen ladan lejislasyon pou retire zam a fe nan men agresè domestik yo. Pou asire tout kontvenan vyolans domestik yo repekte menm estanda yo, lejislasyon an pral rann sa posib nan yon fason pou tout deli vyolans domestik ki nan lis deli entèdi yo enkli pami deli ki entèdi posesyon zam a fe yo.

Mete Fen nan Ekspwatasyon Seksyèl ak Pònografi Revanj yo: Bidjè a gen ladan lejislasyon pou abòde eka ki genyen nan lwa ki la deja yo lè yo fè vanse itilizasyon teknoloji ak rekou jeneralize rezo sosyal yo, k ap pèmèt nouvell fòm ekspwatasyon seksyèl.

Asire Garanti Kontrasepsyon Global: Kontrasepsyon te yon zouti ki enpòtan anpil pou fanm yo kapab jwenn endepandans ekonomik ak sosyal. Itilizasyon, aksesibilite ak disponibilite kontrasepsyon an ap redwi to gwosès ki pa entansyonèl ak to avòtman yo tou. Bidjè Ane Fiskal 2018 la gen ladan lejislasyon k ap pwoteje dwa Nouyòkè yo pou yo gen aksè a kontrasepsyon, ki gen ladan kontrasepsyon ijans.

Kreye yon Sistèm Jistis ki pi Entelijan ak pi Jis

Gouvènè Cuomo te fè vanse refòm jistis kriminèl konsiderab yo pandan manda li nan biwo a, amelyore chak nivo nan sistèm jistis lan soti depi nan arestasyon pou rive nan reyentegrasyon nan kominote a. Anba lidèchip li, Eta a te envesti plis pase 25 milyon dola chak ane nan apeprè 165 pwogram altènativ a prizon ki baze nan kominote yo, ki gen ladan pwogram terapi reyabilitativ yo tankou tretman pou dwòg, alkòl, ak maladi mantal. Ane pase, Gouvènè Cuomo te pwomilge refòm majè nan sistèm jistis penal la, ki gen ladan elve laj pou responsabilite kriminèl la nan Eta New York rive 18 an daj epi pwolonje refòm defans kriminèl endijan nan kad akò istorik Hurrell-Harring lan pou l kouvri tout Eta nèt. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral kontinye pran mezi pou kreye yon sistèm jistis ki pi entelijan, pi sekirize ak pi jis pou tout moun.

100 Milyon Dola pou Mete Relèvman Laj Responsabilite Kriminèl la sou Pye: Finansman an bay sipò pou relèvman laj responsabilite kriminèl la ak mezi refòm yo, ki

gen ladan divèsyon, pwobasyon, ak sèvis pwogramasyon konpreyansif pou jèn ki gen 16 ak 17 an ki nan sistèm jivenil lan yo.

Asire Jistis Egal pou Tout Sitwayen yo: Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la pwopoze refòm global soti nan arestasyon rive nan pwosè tribinal, ki gen ladan pèmèt yo konsidere sekirite piblik lè yo ap pran desizyon pou lage yon moun oswa desizyon kosyon pou yo ka redwi detansyon pwovizyon, egziye pou pwokirè ak avoka defans lan pataje enfòmasyon nan yon peryòd tan ki gen plizyè etap avan pwosè a kòmanse, asire aksè a pwosè rapid, amelyore sèvis legal yo, epi retire baryè pou moun rantre nan sosyete a apre yo soti nan prizon.

Kontinye Vanse Pwojè Defans Libète a ki se Premye Pwojè Konsa nan Nasyon an pou Ofri Reprèzantasyon Legal Enpòtan pou Imigran yo: Ane pase, Gouvènè Cuomo te reyisi lanse Pwojè Defans Libète a, ki se yon fon defans legal piblik-privè ke eta a dirije ki se premye nan nasyon an pou asire ke tout imigran yo, kèlkeswa kondisyon yo, gen aksè a bon jan kalite konsiltasyon legal yo. An patenarya ak founisè sèvis legal san bi likratif ki ap mennen yo, pwojè a te elaji yon fason konsiderab disponiblite avoka imigrasyon yo atravè eta a. Pandan ke politik imigrasyon ki twonpe yo nan nivo federal la ap kontinye menase fanmi imigran New York yo, Gouvènè Cuomo pral travay pou asire ke Pwojè Defans Libète a ap kontinye soutni epi devlope rezo founisè sèvis legal yo ki ap bay sèvis enpòtan anpil sa yo an defans a kominote imigran nou yo.

Fè Vanse Lwa sou Viktim ki Timoun lan yo (Child Victims Act): Anba lwa aktyèl la, yo pa ka tradwi moun lajistis pou enfraksyon abi seksyèl sou timoun yo apre senk pase depi sa te fèt epi yo dwe fè pouwit sivil pou konpòtman sa nan lespas twa zan avan 18èm anivèsè viktim lan. Lejislasyon yo pwopoze nan Bidjè a ap elimine lwa sa a delè preskripsyon pou tout krim ki gen rapò ak ka kriminèl seksyèl lè yo komèt krim lan kont yon moun ki gen mwens ke 18 an daj, epi pwolonje delè preskripsyon pou reklamasyon sivil yo a 50 an apati dat enfraksyon an te fèt la. Pou nenpòt viktim ki toujou pa kapab vin ak yon pwosè, Gouvènè an pral ouvri yon fenèt pandan yon ane kote viktim sa yo ap kapab kòmanse ak reklamasyon yo.

Finanse Bidjè Jidisyè a: Bidjè Ane Fiskal 2019 la chache yon ogmantasyon 2.5 pousan pou bidjè jidisyè a - sèl antite k ap pi wo pase 2.0 pousan. Aktyèlman, yon bann ka aryere ap kenbe moun nan prizon. Pou ogmante responsabilizasyon ak efikasite nan branch lan, pa dwe gen tribinal ki ouvri sèlman pou mwatye jounen an epi jij pwosè yo dwe sètifye tribinal yo ap fonksyone soti 9 è rive 5 è.

Estimile Kwasans ak Devlopman Ekonomik

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la pwomouvwa kreyasyon djòb ak revitalizasyon chak rejyon New York yo lè yo investi nan pwojè kapital kle yo, nan nouvo endistri ki gen enpak elve yo, epi kontinye apwòch reyisi eta ki santre onivo rejyonal la pou estimile devlopman ekonomik. Estrateji devlopman ekonomik soti anba rive anwo Gouvènè a ap kontribiye nan yon renesans k ap fèt nan Rejyon Nò a lè l kreye djòb ak agrandi opòtinite pou tout Nouyòkè yo.

Kontinye Vanse Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Reyisi yo: Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) yo pou devlope plan devlopman ekonomik stratejik alontèm. Depi lè sa a, REDC yo te akòde 5.4 milya dola bay plis pase 6,300 pwojè. Nouvo strateji sa a te lakoz gen 220,000 nouvo oswa travay yo te konsève nan New York. Bidjè Egzekitif la gen ladan l finansman pou kapital ak kredi taks prensipal yo ki pral melanje ansanm yon bann varyete pwogram ki egziste deja nan ajans yo pou wityèm faz sibvansyon REDC te akòde a yo ki vin ototal 750 milyon dola.

Lanse Pwochèn Faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la: Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Dis REDC Eta yo baze sou potansyèl transfòmasyon sant vil sa yo pou yo nonme kominote k ap patisipe yo. Atravè de faz prim sibvansyon, yo te akòde chak kominote gayan yo 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou sant vil yo a epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon revitalizasyon kominote a. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la bay 100 milyon dola pou IIIèm Faz Pwogram Revitalizasyon Sant Vil la.

Enpoze yon Taks sou Konfòmite Ekitablite Entènèt: Bidjè Egzekitif la egzije pou founisè sou mache yo kolekte taks lavant lè yo fasilite vant tyès pati bay Nouyòkè yo, kèlkeswa si vandè a sitiye anndan, oswa andeyò, New York. Founisè sou entènèt tankou Amazon ak eBay bay yon mache pou vandè ki andeyò founisè sou entènèt la pou yo ka vann pwodwi yo bay konsomatè yo. Aktyèlman an, yo egzije pou vandè andeyò sa yo pou yo kolekte taks lavant nan men rezidan New York yo si vandè a sitiye nan New York. Anpil founisè mache dakò pou yo kolekte taks pou vandè ki andeyò yo nan ka sa.

Kreye Fon Atraksyon Fotonik lan nan Rochester: Eta New York la pral dedye 30 milyon dola nan yon Fon Atraksyon Fotonik, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la ap jere, pou atire konpayi fotonik entegre yo pou vin mete operasyon manifakti yo nan rejyon metwopolitèn Rochester a. Gras a konsòsyòm ki renonme mondyal AIM Photonics la, rejyon Finger Lakes la deja yon lidè nan rechèch ak devlopman fotonik, epi finansman adisyonèl sa Eta ap bay la pral ede rantabilize resous inik sa a pou pote biznis ak djòb demen yo nan Eta New York la.

Fè Vanse Pwodiksyon Chanv Endistriyèl la: Eta a pral kontinye investisman nan rechèch, pwodiksyon, ak tretman Chanv yo te fè nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la atravè yon pwogram konsète apwofondi. Bidjè Ane Fiskal 2019 la bay 650,000 dola pou yon tou nouvo etablisman pou tretman chanv nan rejyon Southern Tier la k ap koute 3.2 milyon dola. Eta New York la pral enpòte anpil milye liv semans chanv endistriyèl, asire agrikiltè yo gen aksè a bon jan kalite pwodwi epi redwi fado administratif sou agrikiltè yo. Anplis de sa, Eta New York la pral investi 2 milyon dola adisyonèl nan pwogram sètifikasyon semans ak elvaj, pou kòmanse pwodiksyon semans inik New York la. Finalman, New York pral akeyi Fowòm Rechèch sou Chanv Endistriyèl la an fevriye, k ap reyini chèchè ak akademisyen yo ansanm ak biznis ak transfomatè yo pou yo devlope fason pou yo plis ranfòse rechèch sou endistri a nan New York.

Amelyore Ebèjman nan Rejyon North Country a: Eta a pral bay rejyon North Country a zouti ak resous yo bezwen pou yo ranfòse touris nan North Country ak katalize envestisman prive nan ebèjman. Empire State Development pral kòmande yon etid pou idantifye opòtinite pou devlopman ebèjman nan rejyon Adirondacks ak Thousand Island yo, epi founi 13 milyon dola nan finansman kapital atravè REDC yo ak Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative) pou estimile aktivite redevlopman.

Finanse Inovasyon Pwogram Hot Spots ak Enkibatè yo: Bidjè Egzekitif la otorize 5 milyon dola nan nouvo finansman pou kontinye ankouraje inovasyon lè yo ofri jèn konpayi yo sèvis sipò k ap itil biznis yo pou ede yo komèsyalize rechèch akademik yo epi pwomouvwa plis kolaborasyon ant biznis ak milye inivèsite a.

Sipòte Sibvansyon pou Teknoloji Avanse yo: Bidjè Egzekitif la otorize plis pase 35 milyon dola pou sipòte sibvansyon korespondant y ap kontinye fè nan inivèsite a yo, ak lòt pwogram rechèch ak devlopman teknoloji avanse Divzyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon Depatman Devlopman Ekonomik lan (Department of Economic Development's Division of Science, Technology and Innovation) ap jere yo.

Devlope Patenarya Clarkson-Trudeau a: Bidjè a gen ladan 5 milyon dola adisyonèl pou sipòte patenarya ant Eta New York la, Inivèsite Clarkson lan (Clarkson University), ak Enstiti Trudeau a (Trudeau Institute) pou fòme yon antrepriz byotèk ki gen kalib mondyal epi plis tabli Rejyon North Country a kòm yon sant rechèch ak devlopman byoteknoloji premye plan.

Agrandi ak Pwomouvwa Touris: Bidjè a gen ladan finansman adisyonèl pou sipòte kanpay touristik Eta a epi atire vizitè k ap soti toupatou atravè lemond. Pwogram lan gen ladan yon sizyèm faz 15 milyon dola nan finansman konpetitif atravè inisyativ Market NY la pou sipòte plan ak pwojè piblisite touristik ki pi byen demontre kolaborasyon rejyonal pami konte yo pou pwomouvwa atraksyon rejyonal yo. Sektè touris la se katriyèm sektè anplwa ki pi laj nan New York.

Investi nan Otorite Devlopman Olenpik Rejyonal la (Olympic Regional Development Authority, ORDA): Bidjè a gen ladan 62.5 milyon dola nan nouvo finansman kapital pou ORDA, ki gen ladan 50 milyon dola pou yon plan amelyorasyon ak modènizasyon estratejik pou sipòte amelyorasyon k ap fèt nan etablisman Olenpik ak sant eski yo, 10 milyon dola pou antretyen enpòtan ak modènizasyon efikasite enèji yo, ak 2.5 milyon dola yo apwopriye soti nan bidjè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la nan kad inisyativ New York Works la.

Kontinye Angajman an vè Envestisman Enpòtan nan Devlopman Ekonomik yo: Bidjè a gen ladan prèske 35 milyon dola pou sipòte inisyativ devlopman ekonomik ki ankou yo, ki gen ladan Fon Devlopman Ekonomik Eta New York la (New York State Economic Development Fund), Pwogram Prè ak Devlopman Biznis Minorite ak Fanm Posede yo (Minority- and Women-Owned Business Development and Lending Program), Pwogram Devlopman Iben ak Kominotè a (Urban and Community Development Program), ak Pwogram Asistans Antrepreneryal la (Urban and Community Development Program).

Lanse Pwochè Faz Fon Devlopman Ekonomik New York Works la: Yon dezyèm faz investisman k ap totalize 200 milyon dola pou Fon Devlopman Ekonomik New York Works la pral bay sibvansyon kapital adisyonèl toupatou atravè eta a pou sipòte pwojè ki fasilite kreyasyon nouvo djòb epi retni djòb ki la deja yo, oswa finanse investisman nan enfrastrikti ki nesèsè pou atire nouvo biznis oswa agrandi biznis ki la deja yo.

Amelyore Refòm Opòtinite nan Sit Endistriyèl Dezafekte a (Brownfield Opportunity Area, BOA): Pwogram Opòtinite nan Sit Endistriyèl Dezafekte a ofri asistans finansyè ak teknik bay òganizasyon ki baze nan minisipalite ak kominote yo. Twa plan yo ap pèmèt kominote ak òganizasyon sa yo aplike pou deziyasyon nan men Sekretè Eta a epi resevwa kredi taks sou devlopman Sit Endistriyèl Dezafekte ki akonpaye deziyasyon an. Bidjè a gen ladan lejislasyon ki pral fè amelyorasyon nan pwogram BOA pou pèmèt plan ki finanse atravè finansman lokal ak lòt finansman eta a yo aplike tou pou deziyasyon an ansanm ak refòm pwosesis BOA aktyèl la pou ranfòse efikasite.

Tabli Sant Dakèy ak Opòtinite One World Utica a: Bidjè a bay 1.5 milyon dola pou investi nan agrandisman bilding kote ansyen Lekòl Komès Utica te ye a ki vid kounye a pou yo tabli yon “Sant Dakèy ak Opòtinite One World Utica” nan kè sant vil Utica, ki pral ofri fòmasyon mendèv ak fòmasyon pwofesyonèl bay rejyon Mohawk Valley a.

Plis Investisman nan Syans Lavi yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan 600 milyon dola pou sipòte konstriksyon yon laboratwa sante piblik syans lavi modèn depwent ki gen kalib mondyal nan Distri Kapital la ki pral pwomouvwa patenarya nan rechèch ak devlopman kolaborativ piblik/privè.

Prepare Mendèv Demen An

Depi Gouvènè Cuomo a vin an fonksyon, New York la kreye plis pase 1 milyon djòb sektè prive, epi to chomaj Eta a tonbe sòti nan 8.3 pousan rive a 4.7 pousan. Men pandan kwasans ekonomik sa a ap fèt jodi a, Gouvènè Cuomo rekonèt nesèsite ijan prepare Nouyòkè yo pou djòb ki pral peye byen yo demen.

Tabli Aplikasyon pou Finansman Konsolide 175 Milyon Dola a: Pou ajoute sou reyisit modèl sòti anba rive anwo REDC itilize nan kad estraji devlopman ekonomik lan, gouvènè a ap tabli yon nouvel Aplikasyon pou Finansman Konsolide pou fè investisman nan mendèv ki pral soutni efò rejyonal estratejik yo pou reponn a bezwen mendèv akoutèm biznis yo genyen, amelyore liy ravitayman talan rejyonal yo, agrandi opòtinite pou moun fè estaj yo, epi abòde bezwen alontèm endistri ki ap agrandi yo—avèk yon konsantrasyon an patikilye sou nouvo domèn ki gen plis demann pou pòs travay deplizanpli yo, tankou sektè enèji pwòp ak teknoloji a. Fon yo t ap soutni efò pou amelyore sekirite ekonomik fi, jèn moun, ak lòt popilasyon k ap fè fas a gwo obstak a avansman karyè yo tou. Finansman pou Demann Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) mendèv la ap gen ladan 150 milyon dola an nouvo resous fleksib epitou 25 milyon dola an vwa finansman ki la deja pou mendèv.

Agrandi Pwogram Travay pou Jèn New York yo: Pou ajoute sou reyisit Pwogram Travay pou Jèn New York yo (Youth Jobs Program) lan, Gouvènè Cuomo ap pwopoze

ogmante de 50 pousan, kredi maksimòm ki disponib pou patwon New York ki sètifye yo—sa k ap ogmante kredi taks maksimòm yo soti 5,000 dola pou rive 7,500 dola pou jèn ki sètifye y ap travay a tan plen yo, epi soti 2,500 dola pou rive 3,750 dola pou sila yo k ap travay a tan pasyèl yo.

Pwogram Travay Ete pou Jèn (Summer Youth Employment Program): Bidjè a ogmante 4 milyon dola deplis sou finansman pou Pwogram Travay Ete pou Jèn yo.

Kreye Nouvo Biwo Devlopman Mendèv la: Kounye a, gen plizyè douzèn pwogram ki disponib nan diferan òganis, men pou nou maksimize kapasite nou pou reponn bezwen an mendèv eta a, eta a dwe pi byen entegre pwosesis fragman sa a. Biwo Pèfeksyonman Mendèv la pral sèvi kòm ajan responsabilite ak kowòdonasyon pou tout pwogram fòmasyon mendèv yo pou eta a, sa gen ladan pwogram CFA a. Avèk nan tèt li yon nouvo Direktè Pèfeksyonman Mendèv, Biwo a pral tabli estanda yo pou rezilta pwogram nan epi garanti aliyman avèk bi kwasans ekonomik eta a ak rejyon endividyèl yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418